

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Setting Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

3.1.1.1. Profil Sakola

Sakola anu dijadikeun tempat ieu panalungtikan téh nya éta SMA Negeri 1 Majalaya. Ieu sakola mangrupa salah sahiji SMA Negeri anu aya di Kacamatan Solokanjeruk, Kabupatén Bandung anu perenahna di Jl. Panyadap No.02 Tlp. (022) 5950811.

SMA Negeri 1 Majalaya miboga Nomor Statistik Sakola (NSS) 301020814060 sarta akréditasina A. SMA Negeri 1 Majalaya mangrupa sakola anu kawentar ku kagiatan ékstrakurikuler, diantarana nya éta Basket, Futsal, KIR (Kelompok Ilmiah Remaja), Karimah (Kelompok Remaja Mesjid Al-Hikmah), Bengsas (Bengkel Sastra), PASKIBRA, PRAMUKA, PMR, OSIS, Gulat, Karate, Taekwondo, sarta Sindo (Silat Indonesia).

3.1.1.2. Visi jeung Misi Sakola

SMA Negeri 1 Majalaya salaku hiji lembaga pendidikan, miboga hiji pola dina oprasional kinerjana. Oprasioanal kinerja ieu diwujudkeun dina hiji runtuyan visi jeung misi. Anapon anu jadi visi jeung misi SMA Negeri 1 Majalaya nya éta saperti ieu di handap.

VISI

Terwujudnya sekolah yang tangguh, peserta didik yang cerdas, terampil sert kompetitif yang berwawasan IPTEK berlandaskan IMTAQ.

MISI

- 1) *Menciptakan lingkungan belajar yang kondusif;*
- 2) *Mewujudkan ruang khusus multimedia, Laboratorium IPA, bahasa serta perpustakaan;*

Errin Ervani , 2013

Media flash card pikeun ngaronjakeun kamampuh nulis aksara sunda (panalungtikan tindakan kelas siswa kelas X-1 semester 1 SMAN 1 majalaya taun ajaran 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Meningkatkan komitmen seluruh warga kependidikan terhadap tugas pokok dan fungsinya;
- 4) Mengaktifkan kegiatan MGMP setiap mata pelajaran;
- 5) Menata program bidang-bidang kegiatan persekolahan;
- 6) Menata administrasi ketata-usahaan
- 7) Menumbuhkan semangat, pola berfikir, yang rasional terhadap peserta didik;
- 8) Meningkatkan prestasi di bidang ilmu pengetahuan, keterampilan, olahraga dan seni.
- 9) Meningkatkan jumlah lulusan yang di terima di Perguruan Tinggi Negeri;
- 10) Mengembangkan Teknologi informasi dan Komunikasi dalam pembelajaran maupun administrasi sekolah.

3.1.1.3. Kaayaan Guru

SMA Negeri 1 Majalaya dipingpin ku Drs. Adang, M.M.Pd ti taun 2012 nepi ka ayeuna. Salian Kepala Sekolah, guru-guru di SMA Negeri 1 Majalaya 98% asalna ti Lembaga Pendidik Tenaga Kependidikan (LPTK), nya éta IKIP Bandung (ayeuna UPI), Universitas Padjadjaran (UNPAD), Institut Tekhnologi Bandung (ITB), IAIN Bandung (ayeuna UIN), Universitas Pasundan (UNPAS), Universitas Bale Bandung (UNIBBA), STKIP Siliwangi Bandung, STKIP Pasundan Cimahi jeung FKIP Universitas Terbuka (UT).

Tabel 3.1

Kaayaan Guru SMA Negeri 1 Majalaya Taun Ajaran 2012/2013

Data Guru / Staf	Jumlah Guru / staf
Guru Tetap (PNS)	48 urang
Guru Honorér Sakola	9 urang
Staf TU (PNS)	5 urang
Staf TU teu tetap	14 urang
Jumlah	76 urang


Errin Ervani , 2013

Media flash card pikeun ngaronjakeun kamampuh nulis aksara sunda (panalungtikan tindakan kelas siswa kelas X-1 semester 1 SMAN 1 majalaya taun ajaran 2012/2013


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana tabel di luhur, guru atawa tenaga pengajar anu tugas di SMA Negeri 1 Majalaya Kab.Bandung numutkeun status dikelompokkeun jadi 4, nya éta:

1. Tenaga pengajar anu statusna salaku guru tetap (PNS) jumlahna aya 48 urang.
2. Tenaga pengajar anu statusna salaku guru honorér jumlahna aya 9 urang
3. Staf tata usaha tetap (PNS) di SMA Negeri 1 Majalaya jumlahna 5 urang
4. Staf tata Usaha teu tetap jumlahna 14 urang



Gambar3.1
Diagram Kaayaan Guru SMAN 1 Majalaya
Ditilik tina Tingkat Pendidikan



Gambar3.2

Diagram Kaayaan Guru SMAN 1 Majalaya

Ditilik tina Golongan

3.1.1.4. Kaayaan Siswa

Sacara umum kaayaan siswa-siswa SMAN 1 Majalaya saperti ieu di handap.

Tabel 3.2

Kaayaan Siswa di SMA Negeri 1 Majalaya

Kelas	Rombel	Jumlah Siswa
X	9	393
XI	9	348
XII	9	339
Jumlah	27	1080

3.1.2. Subjék Panalungtikan

Subjék dina ieu panalungtikan nya éta guru basa Sunda jeung siswa kelas X-1 anu jumlahna 45 urang, anu ngawengku 15 urang lalaki jeung 30 urang awéwé.

3.1.3. Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikam dilaksanakeun salila 5 minggu, ti bulan November nepi ka bulan Desember 2012, anu diwincik saperti ieu di handap.


Tabél 3.3
Waktu Panalungtikan

No.	Kegiatan	Waktu
1.	Prapanalungtikan	10 November 2012
2.	Siklus I	14 November 2012
		21 November 2012
3.	Siklus II	28 November 2012
		5 Desember 2012

3.2. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa sakabéh rancang pikeun ngajawab patalékan dina panalungtikan sarta ngaantisipasi sababaraha masalah anu bakal karandapan salila prosés panalungtikan, ieu hal mangrupa stratégi pikeun menangeun data anu dibutuhkeun pikeun kaperluan *pengujian* hipotésis atawa pikeun ngajawab patalékan jeung salaku alat pikeun ngontrol variabel anu mangaruhan dina panalungtikan. (Sugiyono, 2010).

Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan tindakan kelas (PTK). Desain PTK umumna miboga tilu karakteristik saperti: (1) henteu diébréhkeun sacara rinci; (2) sipatna fléksibel; sarta (3) mekarna saluyu jeung kaayaan siswa. Salian ti éta, desain PTK henteu medar hipotésis anu kudu ditést, tapi mangrupa patalékan panalungtikan anu leuwih museurkeun kana *ketercapaian* ngumpulkeun data sacara langsung. Sangkan leuwih jéntré desain dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.



Gambar 3.3

Siklus dina PTK

3.3. Método Panalungtikan

Métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kualitatif déskriptif. Ieu panalungtikan tujuanna pikeun ngungkulan hiji masalah nu aya di jero kelas. Saluyu jeung pamadegan Hopkins (dina Wiraatmadja, 2008:11) panalungtikan tindakan kelas nya éta panalungtikan anu ngadumaniskeun prosedur panalungtikan jeung tindakan subsantif, hiji tindakan dina disiplin inkuiri, atawatarékah hiji jalma pikeun maham naon anu keur karandapan, bari ilubiung dina prosés ngaropéa jeung ngarobah. Tindakan éta dilakukeun ku guru dibarengan ku siswa, atawa ku siswa dibarengan ku bimbingan jeung arahan guru, pikeun ngaropéa jeung ngaronjatkeun kualitas pangajaran.

Errin Ervani , 2013

Media flash card pikeun ngaronjakeun kamampuh nulis aksara sunda (panalungtikan tindakan kelas siswa kelas X-1 semester 1 SMAN 1 majalaya taun ajaran 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Rapoport (dina Wiraatmadja, 2008:11) nétélakeun yén panalungtikan tindakan kelas fungsina pikeun mantuan hiji jalma dina ngungkulanpasualan praktisanu disinghareupan dina situasi darurat pikeun ngahontal tujuan ilmu sosial sarta gawé bareng dina rangkay étika anu disapukan babarengan.

Aya sasaruuan tina dua pamadegan di luhur nya éta yén panalungtikan tindakan kelas (*classroom action research*) mangrupa kagiatan réfléksi anu leuwih nyoko kana prakték pikeun ngaropéa atawa ngungkulan pasualan dina prakték pendidikan éta.

Tujuan utama PTK nya éta pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran, lain pikeun ngahasilkeun pangaweruh. Ngaronjatna kualitas pangajaran ngawengku kasadaran kana nilai-nilai anu ahirna bakal dilembagakeun, misalna ngaronjatna aktivitas jeug kréatifitas siswa dina pangajaran. Najan kitu, hasil ahir tina ngaronjatna kualitas pangajaran, lain mangrupa jaminan prosés awal kagiatan anu hadé.

Sababaraha karakteristik PTK anu ngabédakeun tina panalungtikan formal nu séjén bisa diidentifikasi saperti:

1. dimimitian ku katugenah kinerja guru, situasional, praktis, jeung sacara langsung pakuat pakait jeung pangajaran;
2. mibogatujuan pikeun ngaropéa, ngaronjatkeun, jeung méré rangkay gawé anu tartib dinangungkulan masalah pangajaran;
3. fléksibel jeung adaatif méré kamungkinan ayana parobahan salila *masa percobaan* jeung teu ngontrolsabab leuwih nekenkeun sipat tanggap, tahap uji, jeung parobahan dina pangajaran;
4. kolaboratif jeung partisipatif nepi ka guru salaku panalungtik nyokot bagéan sacara langsung dina ngalaksanakeun panalungtikan;
5. self-evaluatif, nya éta modifikasi sacara tuluy-tuluyan dina evaluasi dina situasi nu aya anu tujuan ahirna pikeun ngaropéa jeung ngaronjatkeun prakték pangajaran;
6. fokus panalungtikan dina pangajaran ilaharna dilakukeun ku gurubabarengan jeung siswa sacara déséntrasilsasi jeung déragulasi;
7. kooperatif dina tindakan saperti dina rarancang, pelaksanaan jeung évaluasi antara guru salaku panalungtik jeung siswa;


Errin Ervani , 2013

Media flash card pikeun ngaronjakeun kamampuh nulis aksara sunda (panalungtikan tindakan kelas siswa kelas X-1 semester 1 SMAN 1 majalaya taun ajaran 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

8. ngaronjatkeun hiji modél pangajaran boh sabagéan boh sagembléngna;
9. penelitian tindakan kelasmekarkeun démokrasi, kaadilan, kabébasan jeung kasempetan partisipatif saperti:
 - a. Ngalibetkeun siswa.
 - b. Ngajarkeun kaadilan.
 - c. Méré kabébasan.
 - d. Ngarojatkeun poténsi siswa.

Salian ti éta, ciri husus anu ngabédakeun PTK jeung panalungtikan séjénna nyaéta ayana siklus-siklus anu mangrupa runtuyan “riset-aksi-riset-aksi....”.



Gambar 3.4
Tahapan dina Siklus PTK Kemmis jeung Mc. Taggar

Alasan digunakeunpanalungtikan tindakan kelas (*Classroom Action Research*), sabab kapanggih pasualan dina prosés pangajaran nulisaksara Sunda. Pangajaran nulis aksara Sundadi sakola-sakolasalila ieu ngagunakeun cara konvensional, nya éta guru ngadémonstrasikeun dina bor (papan tulis), dibarengan ku siswa anu ngan saukur nurutan jeung nyalin. Teu saeutik siswa nu poho sanggeus kaluar kelas anu matak tujuan pangajaran teu bisa kahontal kalayan optimal. Cara-cara nu saperti kitu dianggap monoton ku siswa, sabab euweuh variasi-variasi anu bisa ngirut haté siswa pikeun mikir, antukna pangajaran aksara Sunda dianggap hésé.

Hal éta saluyu jeung pamadegan Ebbutt dina Wiraatmadja (2008:12) nya éta:

penelitian tindakan kelas adalah kajian sistematis dari upaya perbaikan pelaksanaan praktek pendidikan oleh sekelompok guru dengan melakukan

Errin Ervani , 2013

Media flash card pikeun ngaronjakeun kamampuh nulis aksara sunda (panalungtikan tindakan kelas siswa kelas X-1 semester 1 SMAN 1 majalaya taun ajaran 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tindakan-tindakan dalam pembelajaran, berdasarkan refleksi mereka mengenai hasil dari tindakan-tindakan tersebut.

Tina pamadegan di luhur, katitén yén panalungtikan tindakan kelas (*classroom action research*) nempatkeun otonomi guru dina ngaronjatkeun *profesionalisme* kana kinerja sarta aktivitasna. Guru bisa ngararancang hiji tarékah dina prakték pangajaranana, sarta ninggali pangaruhna kana kualitas pangajaran anu leuwih hadé.

Anapon anu jadi dadasar tinimbangan dipilihna sakola jeung kelas éta salaku lokasi jeung subjékdina ieu panalungtikan, nya éta ku sababieu sakola mangrupa tempat panalungtikan média pangajaran anu rék dimekarkeun. Salian ti éta, numutkeun paniténan anu dilakukeun dina mangsa observasi, métode anu dilakukeun ku guru di ieu kelas jeung kelas-kelas séjénna, ngagunakeun cara konvénsional anu matak teu saeutik siswa anu teu maliré kana pangajaran nulis aksara Sunda.

3.4 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan nu nalungtik nyokot judul Média Flash Card Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-1 Semester 1 SMANegeri 1 Majalaya Taun Ajar 2012-2013).Pikeun nyingkahan kasalahan jeung méré gambaran nu jelas ngeunaan judul anu dipaké, ku kituna diwatesananistilah-istilah tina masalah nu diangkat, saperti ieu di handap.

1. Média *Flash Card*

Média *Flash Card* mangrupa média alternatif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda, kartu ieu dipikawanoh ku sebutan *Flash* hartina gancang (secepat kilat) sabab dina ngagunakeunana siswa ditungtut kudu bisa merhatikeun gambar dina kartu kalawan gancang.

2. Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Kamampuh nulis aksara Sunda nya éta poténsi pikeun ngawasa kaparigelan basa anu digunakeun pikeun komunikasi sacara teu langsung, teu sacara pateuteu-teuteup jeung nu lian, anu diwujudkeun kana hiji kecap atawa kalimah anu ngagunakeun aksara Sunda.

Errin Ervani , 2013

Media flash card pikeun ngaronjakeun kamampuh nulis aksara sunda (panalungtikan tindakan kelas siswa kelas X-1 semester 1 SMAN 1 majalaya taun ajaran 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka datana leuwih gampang diolah (Arikunto, 2002 : 136).

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha instrumén anu dipaké, nyaéta: (a) lembar obsrvasi, (b) lembar tést, (c) lembar wawancara.

a) Lembar Observasi

Lembar panduan observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data aktivitas diajar siswa jeung kinerja guru salila lumangsungna prosés pangajaran. Aspék nu ditalungtik dina aktivitas diajar siswa ngaliwatan sapuluh indikator tina tilu kaparigelan anu ngawengku perhatian, kamampuh, kaaktifan. Sedengkeun aspék nu ditalungtik dina aktivitas kinerja guru ngawengku tilu tahap nya éta kagiatan bubuka, kagiatan inti, sarta kagiatan panutup.

b) Lembar tést

Ieu intrumén digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa jeung ngajaring validitas data ngeunaan parobahan hasil diajar siswa ngaliwatan *Post Test*, tes formatif anu sifatna kualitatif, nepi ka bisa dijadikeun bahan tinimbangan nangtukeun kaputusan.

c) Lembar Wawancara

Alat anu digunakeun pikeun mikanyaho sawangan atawa sikep siswa kana pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun media *Flash Card*.

3.6 Prosedur Panalungtikan

3.6.1 Tahap Ngararancang

Tahap ngararancangdina ieu panalungtikan ngawengku:

- 1) netepkeun jumlah siklus, nya éta dua siklus;
- 2) netepkeun sumber data panalungtikan nu baris digunakeun salaku kelas panalungtikan, nya éta kelas X-1 SMA 1 Majalaya;

Errin Ervani , 2013

Media flash card pikeun ngaronjakeun kamampuh nulis aksara sunda (panalungtikan tindakan kelas siswa kelas X-1 semester 1 SMAN 1 majalaya taun ajaran 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) netepkeun métode nu baris digunakeun dina pangajaran nulis aksara Sunda;
- 4) panalungtikan nganalisis Standar Kompetensi (SK), jeung Kompetensi Dasar (KD);
- 5) nyusun RPP, ngawengku: indikator, tujuan pangajaran, skenario pangajaran, alokasi waktu, jeung tés ahir;
- 6) nyiapkeun pedoman observasi pikeun masing-masing siklus, nu ngawengku : lembar aktivitas guru, lembar observasi aktivitas siswa, lembar wawancara jeung catetan lapangan;
- 7) nyiapkeun bahan ajar atawa matéri pangajaran jeung lembar kerja siswa pikeun masing-masing siklus.

3.6.2 Tahap Pelaksanaan

Dina tahap pelaksanaan biasana ngawengku sababaraha siklus, saluyu jeung tingkat pasualan anu rék ditungkulan jeung kondisi anu rék dironjatkeun. Siklus-siklus éta bisa dijéntrékeun saperti :

A. Siklus I

- a. Rarancang, rarancang pelaksanaan PTK nya éta ngawengku kagiatan saperti :
 - 1) tim panalungtik ngalakukeun analisis standar eusi pikeun mikanyaho standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) anu bakal diajarkeun ka siswa;
 - 2) mekarkeun RPP, bari merhatikeun indikator-indikator hasil diajar;
 - 3) mekarkeun alat peraga, alat bantu, atawa média pangajaran anu ngarojong ayana SKKD dina raraga impléméntasi PTK;
 - 4) nganalisis sababaraha alternatif dina ngungkulan masalah anu saluyu jeung kondisi pangajaran;
 - 5) mekarkeun instrumén dina siklus PTK
 - 6) nyusun alat evaluasi pangajaran saluyu jeung indikator hasil diajar.
- b. Tindakan, tindakan PTK ngawengku prosedur jeung tindakan anu dilakukeun, sarta prosés ngaropéah anu rék dilakukeun.

- c. Observasi, observasi ngawengku prosedur ngarekam data ngeunaan prosés jeung hasil impléméntasi tindakan anu dilakukeun. Pamakéan pedoman atawa instrumén anu geus disiapkeun samémehna kudu diguar ku
- d. Réfléksi, réfléksi medar ngeunaan prosedur analisis kana hasil paniténan jeung réfléksi ngeunaan prosés jeung dampak tindakan parobahan anu dilakukeun, sarta kitéria jeung rarancang tindakan dina siklus satuluyna.

B. Siklus II

a. Rarancang

Dumasar kana hasil réfléksi dina siklus kahiji guru salaku panalungtik nyieun RPP saluyu jeung SKKD sarta Standar eusi.

b. Tindakan

Guru ngalaksanakeun pangajaran dumasar RPP anu dikembangkeun tina hasil réfléksi siklus kahiji.

c. Observasi

Guru panalungtik ngayakeun observasi kana prosés pangajaran jeung pangwangunan kompetensi siswa.

d. Réfléksi

Guru panalungtik nglakukeun réfléksi kana pelaksanaan PTK siklus kadua jeung nganalisis sarta nyieun kacindekan kana pelaksanaan pangajaran anu geus direncanakeun ku ngayakeun tindakan nu tangtu. Naha pangajaran anu dirancang ngagunakeun PTK bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran atawa ngaropéah masalah anu ditalungtik.

3.7 Téhnik jeung Prosedur Ngumpulkeun Data

3.7.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku tilu cara nya éta observasi, wawancara, jeung tés.

- 1) Observasi nya éta pengamatan kana hiji objékk ngagunakeun sakabéh alat indera.

Saperti anu dkedalkeun ku Karl Popper (Wiriomadja, 2009:104), observasi nya

Errin Ervani , 2013

Media flash card pikeun ngaronjakeun kamampuh nulis aksara sunda (panalungtikan tindakan kelas siswa kelas X-1 semester 1 SMAN 1 majalaya taun ajaran 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

éta tindakan non tés anu dilakukeun pikeun nalungtik sakabéh kagiatan diajar boh kinerja guru boh aktifitas siswa, ti mimiti nepi ka ahir pangajaran ngeunaan nulis aksara Sunda.

- 2) Wawancara nyaéta tanya-jawab antara anu ngawawancara jeung anu diwawancara pikeun ménta katerangan atawa sawangan ngeunaan hiji hal. Hal ieu sajalan jeung pamadegan Denzin (Wiratmadja, 2009:117) yén wawancara mangrupa patalékan-patalékan nu diajukeun sacara verbal ka saha waé nu dianggap bisa méré informasi. Tujuan wawancara dina ieu panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun data anu aya hubunganna jeung rarancang pelaksanaan tindakan, opini sarta persépsi guru jeung siswa kana penerapan média *Flash Card*.
- 3) Tés nya éta alat pikeun ngukur kamampuh siswa dina ngalaksanakeun atawa ngaréngsékeun pancén ti guru ngeunaan pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun média *Flash Card*.

3.7.2. Prosedur Ngumpulkeun Data

Dina prosés ngumpulkeun data, panalungtik ngumpulkeun data ngaliwatan hasil-hasil tina kinerja siswa jeung hasil observasi anu aya dina unggal aktivitas anu aya patalina jeung tindakan panalungtikan anu dilakukeun. Diantarana nya éta:

- 1) Observasi awal pikeun ngaidéntifikasi masalahna;
- 2) Dina prak-prakan panalungtikan analisis, réfléksi, kana tindakan siklus I;
- 3) Hasil tés dina siklus I;
- 4) Dina prak-prakan panalungtikan analisis, réfléksi, kana tindakan siklus II;
- 5) Hasil tés dina siklus II;
- 6) Evaluasi kana pelaksanaan siklus;
- 7) Observasi ka siswa jeung guru;

3.8 Analisis jeung Prosedur Ngolah Data

3.8.1. Analisis Data

Sugiono (2009: 89) ngadéfinisikeun analisis data saperti ieu di handap :

Analisis data nya éta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data anu dipibandatina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung dokuméntasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori, ngajabarkeun kana unit-unit, ngalakukeun sintésa, nyusun pola, milih mana nu penting jeung mana nu bakal diguar, jeung nyieun kacindekan nepi ka babari dipikaharti ku diri sorangan sarta ku nu séjén.

Satuluyna, Bogdan jeung Biklen (dina Meleong, 2009: 248) ngadéfinisikeun analisis data kualitatif, nya éta tarékah anu dilakukeun pikeun nganalisis data nepi ka ngajanggélek jadi hiji hal anu mangrupa timuan penting, anu bisa diguar jeung diébréhkeun ka nu séjén.

3.8.2 Prosedur Ngolah Data

Data-data anu diolah dina ieu panalungtikan ngawengku: cara méré skor atawa peunteun dina tés awal jeung tés ahir, sarta nganalisis pamahaman siswa kana matéri pangajaran sarta analisis aktivitas siswa jeung kinerja guru.

a) Cara méré skor

Cara méré tés awal dumasar kana bener henteuna nulis ngagunakeun aksara Sunda. Unggal soal anu mangrupa kecap dibéré peunteun (10), lamun aya hiji aksara anu salah sanajan aksara séjénna dina hiji kecap téh bener éta soal tetep disalahkeun. Kriteria ketuntasan minimal (KKM) palajaran basa Sunda di SMAN 1 Majalaya nya éta 67. Siswa anu disebut tuntas nya éta siswa anu meunang peunteun ≥ 67 , sedengkeun anu disebut can tuntas nya éta siswa anu meunang peunteun kurang ti 67 (< 67). Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan tabél 3.4 di handap.

Tabel 3.4
Konversi Peunteun

Peunteun	Keterangan
≥ 67	Tuntas
< 67	Can Tuntas

b) Analisis Peningkatan Pemahaman Siswa

Peningkatan pemahaman siswa bisa dikategorikéun dumasar kana indéks *gain*.

Harga indeks *gain* bisa diténan dina tabél 3.5 ieu di handap:

Tabel 3.5
Rentang Gain

Rentang Indeks <i>Gain</i>	Katégori
$(G) < 0,30$	Handap
$0,70 > (G) > 0,30$	Sedeng
$(G) > 0,70$	Luhur

Téhnik analisis data anu dilakukeun pikeun nuduhkeun peningkatan pemahaman siswa ditangtukeun dumasar perséntase normalisasi *gain* ngagunakeun rumus:

$$N_{\text{gain}} = \frac{X_{\text{postés}} - X_{\text{pretés}}}{X_{\text{idéal}} - X_{\text{pretés}}}$$

Keterangan:

N_{gain} = perséntasi normalisasi gain

$X_{\text{postés}}$ = nilai tés ahir

$X_{\text{pretés}}$ = nilai tés awal

$X_{\text{idéal}}$ = nilai ideal (100)

Errin Ervani , 2013

Media flash card pikeun ngaronjakeun kamampuh nulis aksara sunda (panalungtikan tindakan kelas siswa kelas X-1 semester 1 SMAN 1 majalaya taun ajaran 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

c) Analisis Aktivitas Siswa jeung Kinerja Guru

Analisis aktivitas siswa jeung kinerja guru bisa diitung ngagunakeun rumus:

$$p = \frac{\sum ni}{\sum N} \times 100\%$$

Katerangan:

p = persentase aktivitas

$\sum ni$ = *Check list* unggal indikator aktivitas

$\sum N$ = jumlah *check list* sakabéh indikator aktivitas

